




SR 9/I-95 PD&E Study
Palm Beach County



Depatman Transpò Eta Florid BILTEN #1

Etid sou Devlopman Pwojè ak Anviwonman (PD&E) pou vwa espesyal nan Otowout I-95 soti nan Sid Boulva Linton/CR 782 pou rive nan Nò 6yèm Avni Sid nan Komin Palm Beach, Florid
Nimewo Administrasyon Finans: 444202-1-22-02
Sistèm pou Evalye Desizyon sou Transpotasyon (ETDM): 14508
Mas 2024

Rete Konekte ak infòmè: www.i95ML-Linton-6Ave.com



KOMINOTE

- Delray Beach
- Lantana
- Boynton Beach
- Lake Worth Beach

Ekip pwojè a te fè yon prezantasyon pou Palm Beach Transportation Planning Agency (TPA) nan Jedi 14 Desanm, 2023 a 9:00 nan matin. Tout moun ki ta vle wè yon anrejistreman prezantasyon sa a kapab ale nan sitwèb sa a: <https://palmbeachtpa.org/meetings-events/tpa-governing-board-meeting-12-14-2023/>.

ENFÒMASYON GENERAL SOU PWOJÈ A

Depatman Transpò Eta Florid (FDOT) la ap kòmanse yon Etid sou Devlopman Pwojè ak Anviwonman (PD&E) pou Liy espesyal nan Gran wout I-95 soti nan Sid Boulva Linton/CR 782 pou rive nan Nò 6yèm Avni Sid nan Komin Palm Beach, Florid; yon distans ki preske 13.5 miles. Pòsyon I-95 sa a Kòmansè nan Komin Palm Beach, epi li travèse kat vil: Lake Worth Beach, Lantana, Boynton ak Delray Beach. I-95 Se yon Gran wout sa jwè yon wòl enpòtan nan ekonomi eta florid la. I-95 pèmèt machin sikile san pwoblèm nan eta florid la epi yo itilize li tou pou evakwe moun lè genyen yon ijans. Pwojè a pwopoze evalye vwa espesyal pou satisfè bezwen chofè yo.

ESKE PWOJÈ A NESESÈ?

Pwojè ya genyen twa objektif prensipal:



Ogmante kantite Liy yo pou satisfè tout chofè



Pèmèt trafik sikile pi byen sou wout la epi tou evite aksidan



Pèmèt koneksyon ak tout lòt mòd tranpò piblik


POUKI REZON YO PWOPOZE VWA ESPESIAL SA YO?

Liy espesyal sa yo se gran wout kote biwo ki responsab Transpòtasyon itilize plizyè estrateji ki kapab ede rezoud pwoblèm sikilasyon lè kondisyon trafik yo chanje. Liy espesyal say yo:

- Pèmèt chofè chwazi sou ki Liy pou yo kondwi.
- Pèmèt chofè gin yon idè de tan pou chak voyaj a lavans
- Pèmèt chofè kontrole tan yap fè nan embouteyaj
- Redwi kantite gas y ap boule
- Ede kenbe lè a pwòp
- Pèmèt otobis ak lòt tranpò piblik fonksyone pi byen

OBJEKTIF AK RÒL DEPATMAN TRANSPÒ ETA FLORID

Depatman Transpò Eta Florid ap fè efò pou bay yon system transpòtasyon ki pèmèt machandiz ak moun sikile an sekirite, ki ap pèmèt ekonomi a devlope epi ki ap kenbe kalite anviwonman ak kominote nou yo.



Etid sou Devlopman Pwojè ak Anviwonman (PD&E) pou vwa espesyal nan Otowout I-95 soti nan Sid Boulva Linton/CR 782 pou rive nan Nò 6yèm Avni Sid nan Komune Palm Beach, Florid

KISA YON ETID PD&E YE?

FDOT dwe fè etid sa a dapre lwa federal NEPA 1969: National Environmental Policy Act epi tout lot lwa federal e lwa nan Eta Florid ki genyen rapò avek NEPA. Pandan etap PD&E sa a, FDOT fè ampil analiz pou evalye konsekans sosyal, ekonomik ak anviwonmantal ke devlopman yon pwojè sou transpò kapab genyen; kontakte tout biwo piblik ki interese nan pwojè a epi pèmèt popilasyon an bay opinyon yo. Kenbe popilasyon enfòmè padan tout tan pwojè a se yon bagay ki enpòtan pou FDOT. Objektif Etid PD&E a se pou sipòte desizyon kè FDOT ap pran pou rezoud pwoblem transpò yo.

1 Planifikasyon

2 Etid Devlopman Pwojè ak Anviwonman (PD&E)

3 Prepare plan ak desin

4 Achete teren (si yo bezwen li)

5 Konstriksyon

6 Mentenans

Pou kisa yo fè PD&E:

- Evalye tout solisyon ki possib ak konsekans natirel, sosyal, ekonomik ak kiltirel
- Respekte tout lwa eta Florid ak lwa federal sou anviwonman
- Etid sa a empòtan pou otorite federal yo kapab aprouve pwojè ya

Ki jan de analiz nou fè:

- Analiz preliminè Teknik (jeni)
- Evalye solisyon kap pemet nou evite, redwi ou rezoud konsekans sou anviwonman
- Kòdinasyon ak tout biwo lokal, Eta Florid e federal yo
- Kenbe popilasyon enfòmè nan devlopman pwojè ya
- Chwazi yon solisyon ke tout moun prefere pou avanse li nan dezyèm etap: prepare plans ak desin pou konstriksyon

KALANDRIYE PWOJÈ A *Kalandriye Pwojè a kapab chanje*

I: Ivè , P: Printan, E: Ete, O: Otòn


Kote Pwojè a kòmanse

Lanse Pwojè

Reyinyon pou diskite solisyon ki possib yo

Dènye Reyinyon Piblik

Etid la Fini



Bidgè Pwojè Ya: Desin ak Konstriksyon: Pa genyen lajan ki pwograme pou sa

PATISIPASYON PIBLIK

Patisipasyon piblik la se yon eleman ki kritik nan yon Etid PD&E. FDOT enkouraje tout moun pou patisipe epi rete enterese pandan tout tan pwojè ya. Tanpri, ale souven sou sit entènèt pwojè ya pou nou kapab jwen bon jan enfòmasyon. FDOT ap fè etid sa a dapre Civil Rights Act of 1964. Dapre "Title VI of the Civil Rights Act", FDOT ap mande patisipasyon popilasyon an san diskriminasyon ras moun, koulè po moun, peyi kote moun soti, laj moun, fi oswa gason, relijyon, andikape oswa sityasyon fanmi moun.



RETE ENFÒME E KONEKTE: Si ou ta vle resevwa plis enfòmasyon sou pwojè ya, mete non ou sou list pwojè ya, mande plis detay, pale avek FDOT manadjè pwojè a, ou voye yon kòmentè ekri, tanpri ale sou sit entènèt pwojè ya: www.i95ML-Linton-6ave.com. Ou kapab pran foto QR code sa a pou ale direktman sou sit la.

Hong Benitez, P.E., Manadjè Pwojè FDOT
Hong.Benitez@dot.state.fl.us

3400 West Commercial Boulevard, Fort Lauderdale, FL 33309
954-777-4319 oubyen 866-336-8465, ext. 4319